

Plan Sante Kalite (Qualified Health Plan) Nan yon Bat Je



KONTAKTE NOU:

nystateofhealth.ny.gov
1-855-355-5777 oswa
TTY 1-800-662-1220

Si usted habla un idioma diferente al inglés, **los servicios de asistencia de idioma están disponibles gratis para usted. Llame al 1-855-355-5777 (TTY: 1-800-662-1220).**

如果您使用的語言不是英語，您可以使用我們的免費語言支援服務。請致電 1-855-355-5777 (TTY: 1-800-662-1220)

KISA KI GARANTI?

- Swen prevantif gratis
- Swen pou pasyan ki entène
- Sèvis pou pasyan ki pa entène
- Swen matènite epi pou tibebe ki fèk fèt
- Sèvis ijans
- Laboratwa ak imajri
- Sèvis reyabilitasyon ak sèvis adaptasyon
- Preskripsyon medikaman
- Sèvis sante mantal ak pwoblèm itilizasyon sibstans
- Sèvis byennèt ak jesyon maladi kwonik
- Swen dantè ak swen je pou timoun *Gen kèk plan ki kapab garanti swen dantè pou granmoun ak lòt avantaj tou.*

KI MOUN KI KALIFYE?

MOUN KI:

- Ap viv nan Eta New York
- Se sitwayen epi ki se aplikan ki nan sitiwayon legal
- Pa kalifye pou Medicaid, Essential Plan oswa Child Health Plus

BON NOUVÈL!

EKONOMI SOU DEPANS YO TOUJOU DISPONIB POU MOUN KI ELIJIB KI ENSKRI NAN QHP POU ANE 2026 LA

- Kounye a, moun ki gen revni ki pi ba pase \$54,775 yo kalifye pou pataj depans ki pi piti pa mwayen “Silver Supreme”, epi moun ki gen revni ki pi ba pase \$62,600 yo kalifye kounye a pou pataj depans ki pi piti pa mwayen “Silver Enhanced”.
- \$0 depans ki sot nan pòch pou pifò sèvis pou dyabèt. Sa aplikab pou sèvis prevantif ki lye ak dyabèt epi ki pa mande pou entènè lopital, founiti yo ansanm ak preskripsyon medikaman yo.
- \$0 depans ki sot nan pòch pou pifò sèvis pou anvan akouchman epi apre akouchman. Sa aplikab pou preskripsyon medikaman, avantaj pou sante mantal/itilizasyon sibstans, premye swen ak vizit kay kèk espesyalis.

Ou kapab jwenn plis enfòmasyon sou rediksyon depans pou ane 2026 la nan:

<https://info.nystateofhealth.ny.gov/costsavings>

NY State of Health respekte lwa Federal konsènan dwa sivik ak lwa Eta ki aplikab yo, epi li pa fè diskriminasyon so baz ras, koulè, orijin nasyonal, kwayans/relijyon, sèks, laj, eta sivil/familyal., dosye arestasyon, kondanasyon kriminel, idantite seksyèl, oryantasyon seksyèl, karakteristik predispozisyon jenetik, sitiwayon militè, sitiwayon antanke viktim vyolans domestik epi/oswa reprezay.

KONBYEN YON PLAN SANTE KALIFYE (QUALIFIED HEALTH PLAN, QHP) KOUTE?

PRIM CHAK MWA: Pri ou peye chak mwa a ap depann sou plan ou chwazi a. Pifò moun kalifye pou kredi taks ki diminye depans chak mwa ou a. Yo kalkile kredi taks yo sou baz revni w, kantite moun ki ap viv lakay ou, epi kote w ap viv la.

PATAJ DEPANS: Montan ou peye lè w gen aksè nan sèvis yo. Pifò moun kalifye pou resevwa èd pou peye depans sa yo, sou baz revni yo. Anba a, w ap jwenn kèk egzanp konsènan pataj depans QHP pou plan estanda yo ofri nan nivo kat (4) yo. Lòt plan ki disponib yo gen yon pataj depans ki diferan ak plis sèvis ki garanti.

PATAJ DEPANS POU SÈVIS SWEN SANTE	PLATINUM	GOLD	SILVER	SILVER ENHANCED**	SILVER SUPREME***	BRONZE
Franchiz chak Ane	\$0	\$775	\$2,450	\$2,160	\$450	\$4,125
Swen Prevantif	Gratis	Gratis	Gratis	Gratis	Gratis	Gratis
Vizit Doktè Premye Swen*	\$15	\$25	\$30	\$30	\$15	\$50
Vizit Lakay Espesyalis*	\$35	\$40	\$65	\$65	\$35	\$75
Tan nan Lopital pou Pasyan ki Entènè pou chak admisyon	\$500	\$1,000	\$1,500	\$1,500	\$250	\$1,500
Vizit Sante Konpòtmantal pou Pasyan ki pa Entènè*	\$15	\$25	\$30	\$30	\$15	\$50
Vizit Sante Konpòtmantal pou Pasyan ki Entènè pou chak admisyon	\$500	\$1,000	\$1,500	\$1,500	\$250	\$1,500
Sal Dijans	\$100	\$150	\$500	\$275	\$75	\$500
Swen ljan	\$55	\$60	\$70	\$70	\$50	\$75
Terapi Fizik, Terapi Lapawòl, Ègoterapi	\$25	\$30	\$30	\$30	\$25	\$50

PATAJ DEPANS POU PRESKRIPSYON MEDIKAMAN	PLATINUM	GOLD	SILVER	SILVER ENHANCED	SILVER SUPREME	BRONZE
Jenerik	\$10	\$10	\$15	\$15	\$9	\$10
Mak Prefere	\$30	\$35	\$40	\$40	\$20	\$35
Mak ki Pa Prefere	\$60	\$70	\$75	\$75	\$40	\$70

* Tout plan Silver Estanda yo pèmèt yon vizit lakay yon founisè premye swen (Primary Care Provider, PCP) oswa yon espesyalis ki pa soumèt anba franchiz la; gen kotizasyon ki aplikab pou sèvis sa yo. Ladan yo gen vizit sante konpòtmantal pou pasyan ki pa entènè.

* Tout pwodui Bronze Estanda yo ap gen twa (3) vizit ki dwe gen kotizasyon, men, ki pa soumèt anba franchiz la. Nan pwodui pou katastwòf yo gen twa (3) vizit premye swen chak ane sivil ki pa soumèt anba franchiz la epi ki pa gen kotizasyon. Twa (3) vizit pwodui Bronze Estanda ak pwodui Katastwòf yo garanti a kapab swa se vizit pou premye swen OSWA vizit espesyalis san wete vizit pou sante mantal ak tretman pou pwoblèm itilizasyon sibstans.

** Silver Enhanced – Moun ki gen revni ant \$54,775 ak \$62,600, oswa yon fanmi ki gen kat (4) moun epi ki gen revni ant \$112,525 ak \$128,600 kalifye pou enskri nan plan sa yo.

*** Silver Supreme – Moun ki gen revni jiska \$54,775, oswa yon fanmi ki gen kat (4) moun epi ki gen revni jiska \$112,525 kalifye pou enskri nan plan sa yo.